**Паспорт фонда оценочных средств**
**по предмету «Чеченская литература»**

| № п/п | Наименование оценочного средства | Чет верть | Разработчик |
|---|---|---|---|
| **5 класс** | | | |
| 1. | Талламан болх № 1 (тест №2) | **I** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 2. | Талламан болх № 2 (тест №2) | **II** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 3. | Талламан болх № 3 (тест №3) | **III** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 4. | Талламан болх № 4 (тест №4) | **IV** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 6 класс | | | |
| 5. | Талламан болх № 1 (тест №2) | **I** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 6. | Талламан болх № 2 (тест №2) | **II** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 7. | Талламан болх № 3 (тест №3) | **III** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 8. | Талламан болх № 4 (тест №4) | **IV** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд<br>С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| | 7 класс | | |
| 9. | Талламан болх № 1 (тест №2) | **I** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд<br>С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 10. | Талламан болх № 2 (тест №2) | **II** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд<br>С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 11. | Талламан болх № 3 (тест №3) | **III** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд<br>С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 12. | Талламан болх № 4 (тест №4) | **IV** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд<br>С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| | 8 класс | | |
| 13. | Талламан болх № 1 (тест №2) | **I** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд<br>С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 14. | Талламан болх № 2 (тест №2) | **II** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 15. | Талламан болх № 3 (тест №3) | **III** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 16. | Талламан болх № 4 (тест №4) | **IV** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| | 9 класс | | |
| 17. | Талламан болх № 1 (тест №2) | **I** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 18. | Талламан болх № 2 (тест №2) | **II** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 19. | Талламан болх № 3 (тест №3) | **III** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |
| 20. | Талламан болх № 4 (тест №4) | **IV** | Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд С.Э.Эдиловн программи т1ехь |

**Нохчийн литературин хьалхарчу чийрикан талламан болх №1 (сочинени)**

**Сочинени «Гурахь»**

**Талламан болх № 2 (тест №1)**

**Ф.Ц1.________________________________________**

**Класс____ «_____», терахь__________**

**1. Хьан кхоьллина Саидов Билалан нохчийн барта кхолларалле безам-марзо? Х1ун яра цуьнан ц1е?**

а) ненананас; Самнат;

б) йишас; Амнат;

в) дենанас, Зарет.

**2. «Майра к1ант Сулима» ц1е йолчу туьйранахь вуьйцучу хьоладен ц1е х1ун ю?**

а) Сода;

б) Со1дал;

в) Совбан.

**3. Х1ун бахьана долуш, мича 1алашонца шайн ц1ера аравелираСулима?**

а) хьуьнха тала ваха;

б), къена дай-наний кхаба;

в) шеен хьуьнарш гайта.

**4. Мусаев Мохьмад маца, мичахь вина?**

а) 1915-чу шарахь Бух1ан-Юьртахь;

б) 1920-чу шарахь Веданахь;

в) 1903-чу шарахь Хьалха-Мартан т1аьхь.

**5. Мусаев Мохьмадан дуьххьарлерчу дийцаран ц1е х1ун яра?**

а) " Токхе гуьйре";

б) "Дашо гуьйре";

в) "Беркате гуьйре".

**6. Мусаев Мохьмадан ,"Ц1ен маьхьси" ц1е йолу произведени муьлхачу жанрехь язйина ю?**

а) стихотворени;

б) повесть;

в) туьйра;

**7. Мусаев Мохьмадан ,"Ц1ен маьхьси" ц1е йолу туьйранахь х1у деш бойна лоьман корта?**

а) поп бош кхассаделла;

б) жижиган талх хьочу лечана т1аьхьахьаьддачохь;

в) хьуьна юккъехула доладелла лелачу хенахь.

**8. «Зайнди» дийцарехь, Зайндина маса шо дузуш хилла шен нана леш?**

а) 8

б) 6

в) 7

**9. Арухас ша базара йоьдуш муьлха г1уллакхаш т1едехкира Зайдина**

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

__________________________________________________________

**9. Зайнди Михайловске деша хьаьнца вахана?___________________________________**

**Мах хадор___________**

**Талламан болх № 3 (тест №2)**

**Ф.Ц1.__________________________________________**

**Класс____ «_____», терахь__________**

**1. Маца, мичахь вина нохчийн яздархо, поэт Мамакаев Мохьмад?**

а) 1900 -чу шарахь Хьалха-Мартант1ахь;

б) 1920 - чу шарахь Г1ойт1ахь;

В) 1910 –чу шарахь Т1ехьа - Мартант1ахь.

**2. Мамакаев Мохьмадан дийцар ду «Баппа» ц1е йолуш. Нохчийн маттахь баппа ду ткъа оьрсийн маттахь х1ун ю оцу зезаган ц1е?**

а) Ромашка;
б) Пион;
в) Одуванчик.

**3. «Баппа» дийцаран массо а турпалхойн ц1ераш д1аязъе.**

________________________________________________________________

________________________________________________________________

________________________________________________________________

**4. Зуда ялаялале муха стаг хилла Узарха?**

________________________________________________________________

________________________________________________________________

**5. Цхьана дашца характеристика ло дийцаран коьртачу турпалхочунна.**

**_____________________________________________________**

**6. Сулейманов Ахьмад маца, мичахь вина?**

а) 1915-чу шарахь Бух1ан-Юьртахь;

б) 1920-чу шарахь Веданахь;

в) 1922-чу шарахь Олхазар-К1отарахь.

**7. «Борз ю уг1уш» стихотворени язъйина**
а) Мамакаев 1аьрбис;

б) Саидов Билалас;

в) Сулейманов Ахьмада.

**8. «Борз ю уг1уш» стихотворени хьанна лерина ю?**

а) Мамакаев Мохьмадна;

б) Сатуев Хьусайна;

в) Мамакаев 1аьрбина.

**9. «Доттаг1алла» стихотворени язъйина**

а) Окуев Шимас

б) Бадуев Саь1ида

в) Муталибов Зайндис

**10. Вайн лулахь муьлха къаьмнаш деха? Д1аязъе.**

___

___

**Мах хадор_______**

**Талламан болх № 4 (тест №3)**

**Ф.Ц1.___________________________________________**

**Класс____ «_____», терахь__________**

**1. Маца, мичахь вина нохчийн яздархо Махмаев Жамлдин Махмудович?**

а) 1900 -чу шарахьХьалха-Мартант1ахь;

б) 1920 - чу шарахь Г1ойт1ахь;

в) 1939 –чу шарахь Бердк1елахь..

**2. «Буьйсанна г1улчаш» дийцаран турпалхойн ц1ераш д1аязъе.**

___

___

___

**3. Дийцар т1ехь Бирланта 1аламехь хила тарлуш болу хийцамаш халкъан тидамашца бусту. Д1аязбе уьш.**

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

**4. Х1ун халонаш лан дийзира Солсин ша схьаэцна кад шовдан йисте охьабилла воьдуш?**

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

**5. Маца, мичахь вина нохчийн яздархо Амаев Ваха-Хьаьжа Хасиевич?**

а) 1963 -чу шарахь 1аьларахь;

б) 1920 - чу шарахь Г1ойт1ахь;

в) 1939 –чу шарахь Бердк1елахь..

**6. «Малх чубаре хьоьжура иза» ц1е йолчу дийцарехь коьрта турпалхо мила ву?**

______________________________________________________________________

**7. Мел хан ю уьш вагон чохь д1аоьхуш болу?**

а) Кхо дей, кхо буьйсий;

б) ялх дей, ворх1 буьйсий;

в) ялх дей, ворх1 буьйсий.

**8. Шина вешина уггар хазахета ловзар муьлханиг дара?**

__________________________________________________

**9. Вайн халкъ махкаха маца даьккхина?**

а) 1941 –чу шарахь, 12 январехь;

б) 1944 –чу шарахь, 23 февралехь;

в) 1946-чу шарахь, 13 мартехь.

**10. «Даймохк» темина синквейн:**

___________________________________________________________

___________________________________________________________

___________________________________________________________

____________________________________________________________

Синквейн (от фр. cinquains, англ. cinquain) — пхеа мог1анех (стихах) лаьтта стихотворенин кеп, кхоьллина Америкин Цхьанатоьхначу Штаташкахь (США) XX-чу оьмаран (б1ешаран) юьххьехь японски поэзин хайку (хокку), танка жанрийн т1е1аткъамца. Ламасталлин синквейнан рифма а, стихотворни барам а ца хуьлу, ткъа х1ора стихехь долчу дешдакъойн барам кху кепара хуьлу: 2—4—6—8—2, шадерг 22 дешдакъа (хайку 17 дешдекъахь лаьтта, танка - 31).

Синквейнан х1ора мог1а вовшахтохаран шен бакъо ю:

1 мог1а - синквейнан коьрта тема гойту **цхьа ц1ердош**.
2 мог1а – коьртачу ойланан билгало гойту **ши билгалдош (я ши причасти).**
3 мог1а – темин дар гойту **кхо хандош.**
4 мог1а – билггала темица дог1у цхьа маь1на гойту **предложени (афоризм, кица я ша х1оттийна предложени).**
5 мог1а – **цхьана ц1ердашах** лаьтта дерзор (коьртачу темица йолу ассоциаци).

Нохчийн маттахь дешнаш (ингалсан меттан дешнел) мелла а деха хиларна, лакхахь балийна х1ора стихан дешдакъойн барам нохчийн маттахь х1иттийнчу синквейнашкахь лар ца ло. Масала, «Нана» темина синквейн:

**Нана**
**Хьоме, дика**
**Кхиаво, 1алашво, веза**
**Уггаре а гергара, деза адам**
**Дуьне**

**Мах хадор_______________**

**Нохчийн литературин хьалхарчу  чийрикан талламан болх (сочинени)**

**Сочинени «Наьрт-аьстхойх лаьцна долу дийцарш а, туьйранаш а» 6 класс**

**План**

1. Натрт-аьрстхойх долу дийцарш туьйранех къастош дерг х1ун ду?

2.Шуна х1ун хета, муьлхачу тропах алсам пайда оьцу наьрт-аьсртхойх лаьцна долчу дийцаршкахь: эпитеташ, дустарш, гиперболаш.

3.  Халкъо муха буьйцу уьш.

**Нохчийн литературин шолг1ачу чийрикан талламан болх (Тест).**

**1. «Тамашина олхазар» цIе йолчу туьйранехь инзаре-тамашийна масса хилам хила?**

а) 4

б) 5

в) 6

**2. Оцу туьйранехь олхазаро хIунда ца дора эланий, цуьнан оьзданашний Адам цамгарх тодеш а, къондеш а долу Iежаш?**

а) Эло нах хьийзабо дела

б) Эла дика стаг волу дела

в) шена ца лаьа дела

**3. «Кхо ваша» цIе йолчу туьйранех дас ша валале шен кхаа кIанте хIун аьлла весет дина?**

а) туьхан тIулгах дай чурт догIа

б) шен чурт ларде

в) шен чурт долчехь буьйсанаш яха

**4. «Барзо Iахарца мохк къовсар» цIе йолчу туьйранех , Iахарий цхьана меттехь муха нисделла Хилла?**

а) тилла дела лелаш

б) сакъоьруш лелаш

в) борз лоьхуш лелаш

**5. «Кхо ваша а, саьрмик а» цIе йолчу туьйранех дас ша валале шен кхаа кIанте хIун аьлла весет дина?**

а) ширачу новкъа ма гIо аьлла

б) ширачу новкъахь хIун ду хьажа аьлла

в) ширачу новкъа гIо аьлла

**6. «Кхо ваша а, саьрмик а» цIе йолу туьйра дIадолалуш муха ду?**

а) «Дас кIантана вониг эр дац…»

б) «…Цхьана ден кхо кIант хила…»
в) «…Дас ша валале, весет дина хилла кIенташка…»

**7. «Доьшуш хила кIант» цIе йолчу туьйранехь кIанта шена гина гIан ца дийцар хIун бахьана хила?**

а) «Далий, маликаший диканиг Дойла» ца алар
б) КIантана ца лаар
в) Моллина ца лаар

**8. Оцу туьйранехь шина гIалоро кIантана хIун дина?**

а) вийна
б) дIахецна
в) хьуьнахь кхаьбна

**9. Оцу туьйранехь паччахьан хIилане хаттаршна жоьпаш муха дела хьекъал долчу кIанта?**

а) нийса дела
б) нийса ца делла
в) дала а ца дела

**10. Туьйранехь хIилане хаттаршна жоьпаш деллачу хьекъал долчу кIантана хIун бахам белира паччахьа?**

а) кхоъ ах пачхьалкх
б) ворхI пачхьалкх
в) кхоъ ах пачхьалкх, шен йоI.

**Нохчийн литературин кхоалг1ачу чийрикан талламан болх (Тест).**

**1. Наьрт - аьрстхой кхерор дийцарехь хьан кхерийла наьртаьрстхой?**

а) паччахьан эскаро;

б) воккхачу стага;

в) кегийчу наха.

**2. Гайсултанов 1умар дахаран шераш хилла ...**

а) 1920 - 1979;

б) 1918 - 1958 ;

в) 1903 -1948.

**3. Гайсултанов 1умаран "Нийса кхел" ц1е йочу дийцаран коьртачу турпалхочун ц1е яра ...**

а) Дика;

б) Дикалг;

в) Дикбер.

**4. Мила ву х1ркху мог1анийн автор?**

***"Хьаша вац со маьхан хьаьттахь, йистера б1аьрг тоха веъна.***

***Со вага веъна кху лаьттахь, охане довха дог тесна ..."***

а) Сатуев Хьусен;

б) Рашидов Шаид;

в) Эдилов Хас-Мохьмад.

**5. Маца муьлхачу юьртахь вина Сатуев Хьусейн?**

а) 1919-чу шарахь 1алхан-Г1алахь;

б) 1929-чу шарахь 1алхан-Чуртахь;

в) 1939-чу шарахь 1алхан-Юьртахь.

**6. Муьлхачу произведени юкъара ду х1ара мог1анаш, мила ву автор?**

***...Къеначу ден- ненан ша цхьаъ бен воцуш,***

***Цу юьртахь кхуьура хьамсара к1ант:***

***Бахамо, цамгаро лацарна кхоьруш,***

***Цунна т1е хьийзара нана ц1е ерг:***

а) Рашидов Шаид " Даймохк"

б) Сайдуллаев Хьасан "Ненан б1аьрзиш"

в)Сулаев Мохьмад "К1анте"

**7. нохчийн хьакъволу поэтан Мамакаев 1аьрбин дахаран шераш хилла.**

а) 1928-1968;

б)1918-1958;

в)1908 1948.

**8. Муьлхачу шарахь дуьйна йовза йолаелира Нохчийчохь поэзи езархошна Мамакаев 1ьрбин**

а) 1936 - чу шарахь;

б) 1934 - чу шарахь;

в) 1938 - чу шарахь.

**9.Муьлхачу шарахь дуьйна йовза йолаелира Нохчийчохь поэзи езархошна Мамакаев 1аьрбин ц1е?**

а)1936-чу шарахь;

б)1934-чу шарахь;

в)1938-чу шарахь.

**10.Муьлхачу шарахь зорба туьйхира Мамакаев 1аьрбин дуьххьарлерчу поэмийн,стихийн сборникна,х1ун яра цуьнан ц1е?**

а) 1940-чу шарахь «Теркан тог1е»;

б) 1938-чу шарахь «Даймахке».

в) 1934-чу шарахь.

**Нохчийн литературин йоьалг1ачу чийрикан талламан болх (Тест).**

**1. Литературин произведенехь исбаьхьчу дешнашца х1оттийначу 1аламан суьртах х1ун олу?**

а) сюжет;

б) кульминаци;

в) пейзаж.

**2. Нунуев С.-Хь. вина шо:**

а) 1952; б)1956; в) 1958

**3. «Х1орд» стихотворенин автор мила ву?**

а) Рашидов Шаид

б) Мамакаев Эдуард

в) Сулаев Мохьмад

**4. Х1окху дешнийн автор мила ву?**

***Цецдевллера тахана тхо –***

***Х1ун ду-теша х1ара?***

***Самукъане тхан хьехархо***

***Сингаттаме вара.***

а) Махмаев Ж.М

б) Нунуев С.-Хь.

в) Мамакаев Э.

**5. Бексултанов М. «Некълацар» дийцар юккъера воккхачу стеган ц1е муха яра?**

а) Зеламха

б) Дерказ

в)Ахьъяд

**6. Халкъан барта кхоллараллина юккъе х1ун ца йог1у?**

1) кицанаш; 2) х1етал-металш; 3) туьйранаш ; 4) стихотворенеш.

**7. Къамелехь адамийн синхаам к1арг а беш , х1ума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашцца гойтучух х1ун олу?**
1) эпитет; 2) эпиграф; 3)эпилог.

**8. Латтамаш схьа а карабай, к1ел сиз хьакха:**

*Б1ешераш хьалха цу ломахь*
*Хилла ду дуьйцуш дерг вай.*
*Г1елонехь даьхначу къоман*
*Дахар а хилла дац дайн.*

**9. Фольклор х1ун ю?**

а) цхьаммо аьлла дешнаш ду;

б) поэзи ю;

в) халкъо барта кхоьллинна исбаьхьаллин произведенеш ю;

**10. Гайсултанов 1умаран нохчийн барта кхолларалле безам кхоьллира:**

а) дас диначу весеташа;

б) нахе дукха ладег1аро;

в) денанас дийцинчу туьйранаша;

г) нохчийн 1адаташа.

## V-IX классийн дешархойн ненан маттах долчу хаарийн х1итточу оценкийн барамаш

**Сочиненийн мах хадор.**

5-9 классашкахь язъечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:

5 классехь-0,5 я 1,0 аг1о;

6 классехь-1,0 я 1,5 аг1о;

7 классехь-1,5 я 2 аг1о;

8 классехь-2 я 3 аг1о;

9 классехь-3 я 4 аг1о.

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаа деза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкарщца бозуш бу цуьнан чулацам:

1) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;
2) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;

аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин я пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;

аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь пхеаннал-ялханнал сов г1алат дацахь;

аь) пхеаннал сов орфографин а, ялханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;

аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна юкъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

Сочиненина ши оценка юьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.

Республикерчу берриге а нохчийн меттан, литературин хьехархоша шайн балха т1ехь пайдаэца безар бу оценкийн оцу норманех.

**V-IX классийн дешархойн тесташ хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:**

1. «5» дуьллу, нагахь санна тесташ т1ехь цхьа а г1алат дацахь.
2. «4» дуьллу, цхьаннал сов г1алат ца хилахь.
3. «3» дуьллу, шиннал сов г1алат а ца хилахь.
4. «2» дуьллу, кхааннал сов г1алат хилахь.

**Нохчийн литературин хьалхарчу чийрикан талламан болх (сочинени)**

**Сочинени «Дади –юрт яккхаран илли»**

**План**

1.Дада ц1е йолчу стага Терка юххехь юрт йиллар.

2. Юьртахоша паччахьан эскаршна дуьхьал къийсам латтор.

3. Хала киртиг Даймахкана т1ех1оьттича орцахвала везар.

**Нохчийн литературин шолг1ачу чийрикан талламан болх № 2 (тест)**

**1. Фольклор бохург х1ун ду нохчийн маттахь?**

а) халкъан хьекъал; б) поэзи; в) проза

**2. Муьлхачу илли т1ера ду х1ара дешнаш:**

Да виса хьан дела1, ва мерза ва дуьне,

Хьо диънарг мила ву ,бохуриг ва хилла?

а) "Зеламхин илли"

б) "Обарг Варин илли"

в) Нохчийн шира илли"

**3. «Бабин Иэсин, ворх1 вешин йишин илли». Цу т1ехь къовсам хьаьнца д1ахьуш бу:**

а) г1алг1айшца б) г1умкешца в) гуьржешца

**4. Муьлхачу шарахь х1аллакйина Дади-юрт?**

а) 1919 б) 1819 в) 1891

**5. Тохар хьалхарчу дешдекъа т1ехь долуш, шина дешдекъах лаьттачу стопах х1ун олу?**

а) ямб б) хорей в) дактиль

**6. Мамакаев Мохьмад вина а, д1акхелхина а шераш:**

а) 1920-1983 б) 1953-1991 в) 1910-1973

**7. Мамакаев Мохьмадан дуьххьарлера стихаш муьлхачу газетехь араевлира:**

а) «Даймохк» б) «Серло» в) «Ленинан некъ»

**8.Ц1ахь бан лерина болх кхочушбеш, сихвелла дешархочо Гадаев М.-С. «Ирча суьрташ» дийцаран чулацам иштта план х1оттийна, д1анисъе рог1алла:**

1.Адам а, Эда а дуьйцучу хабарийн хьокхехь вовшашаца дагавалар.

☐ 2. Нохчий, г1алг1ай махкахбоху аьлла хабар даржар.

☐ 3. Юьртахошна партин, правительствон сацам бовзийтар.

☐ 4.Эда синтем байна хьийзар.

☐ 5. Воккхачу стага эпасаре дина дехар а, иза кхочушдар а.

**9. Схьалаха антитезаш, к1ел сиз хьакха царна:**

Тамашен ю зама

Шен новкъа йоьдуш:

Со жима бер долуш

Хьо къена яра,

Х1инца, со къанвелча,

Хьо къанлуш лаьтта.

Реза ву хийцамна

Хьо т1ех езарна.

**10. Муьлхачу произведенин юкъара ду х1ара мог1анаш?**

…Хьо къонъеш ц1инъеш дерг

Къахьоьгу халкъ ду,

Хьанал къахьоьгуш вверг

Даима сийлахь ву…

а) «Даймехкан косташ»

б) «Деган аз»

в) «Вина юрт»

**Нохчийн литературин кхоалг1ачу чийрикан талламан болх № 3 (тест)**

**1.Маса шо долуш валийра Мамакаев 1аьрби Серноводске берийн ц1ийне деша?**

а) 6 б)7 в) 8

**2.Мосалг1ачу шарахь д1аболабелла Ошаев Х. яздархочун хьокъехь некъ:**

а) 1950 б)1920 в) 1930

**3.Т1ом д1абирзинчул т1аьхьа х1ун болх беш къахьегна Абухьаьжа Идрисовс?**

а) хьехархо б)директор в) жа1у

**4.Стихкхолларан муьлхачу барамехь язйина ю стихотворени «Шуьнехь дош»?**

а) хорей б)дактиль в) ямб

**5.Муьлхачу хормехь язйина ю стихотворени «Шуьнехь дош»?**

а) дийцар б)диалог в) монолог

**6. Гайсултанов 1умаран дахаран шераш ... ду:**

а) 1902-1984; б) 1920-1979; в) 1899-1985.

**7. Гайсултанов 1умаран нохчийн халкъан барта кхолларалле боккха безам кхоьллира:**

а) дас диначу весеташа; б) нахе дукха ладег1аро; в) денанас дийцинчу туьйранаша.

**8.Гайсултанов 1умаран произведении <<Болат-г1ала йожар>>...ю:**

а) повесть; б) роман; в)поэма.

**9. Муьлхачу произведени юкъара ду х1ара мог1анаш?**

Ас инарла вийначул т1аьхьа дукха хан яьлла хир яцара.Сан дагна тасаделира мостаг1ийн окопаш чохь веана цхьа говза снайпер хилар...

а)<<Алун шераш>>;

б)<<Иччархо Абухьаьжа Идрисов>>;

в)<<Ч1ир эцар>>.

**Нохчийн литературин йоьалг1ачу чийрикан талламан болх № 4 (тест)**

**1. Кусаев 1адиз вина ... районехь.**

а) Веденски; б) Нажи-юртан; в) Шалински.

**2. 1898-1977 х1окху шерашкахь ваьхна яздархо ву:**

а) Айдамиров Абузар;

б) Мамакаев Мохьмад;

в) Ошаев Халид.

**3.Яздархочун нийсайоцу ц1ей,фамилий билгалъяккха:**

а) Сулаев Мохьмад; б) Кусаев Салман; в) Арсанукаев Шайхи.

**4. Дикаев Мохьмад ... вина.**

а) Г1ойт1ахь; б) Гихт1ахь; в) Берд-к1елахь.

**5. Х1ара дешнаш ду ... ц1е йолчу стихотворени юкъара:**

Сайн хьешана мерза кхача,деган йовхо ца кхоийна,

Мостаг1чунна,бекхам боцуш, цхьа а зулам ца дитина.

а)<<Даймехкан сурт>>; б)<<Нохчо ву со>>; в)<<Сан Даймохк>>.

**6.Лахахь балийначу бархlмог1анан барам къастабе:**

Гергарло къаьмнашна

Юккъехь ч1аг1делахь,

Хьайн къоман сий ойуш,

Г1улч йоккхуш хьалха.

Даймехкан массо а

Меттиг ларъелахь,

Адмашна хьайн безам

Совбаккха кхалха.

а) хорей

б)дактиль

в) ямб

**7.Меттан исбаьхьаллин суртх1оттора муьлхачу г1ирсах пайда эцна авторо х1окху мог1анашкахь?**

**«Кхехкаш ду дахар а,**

**Хазделла 1алам».**

а) эпитет

б)геппербола

в) олицетворени

**V-IX классийн дешархойн ненан маттах долчу хаарийн х1итточу оценкийн барамаш**

**Сочиненийн мах хадор.**

5-9 классашкахь язъечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:
5 классехь-0,5 я 1,0 аг1о;
6 классехь-1,0 я 1,5 аг1о;
7 классехь-1,5 я 2 аг1о;
8 классехь-2 я 3 аг1о;
9 классехь-3 я 4 аг1о.

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаа деза, х1унда аьлча кхин дуккёха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:

1) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;
2) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;

аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин я пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;

аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь пхеаннал-ялханнал сов г1алат дацахь;

аь) пхеаннал сов орфографин а, ялханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;

аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна юкъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

Сочиненина ши оценка юьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.

Республикерчу берриге а нохчийн меттан, литературин хьехархоша шайн балха т1ехь пайдаэца безар бу оценкийн оцу норманех.

**V-IX классийн дешархойн тесташ хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:**

1. «5» дуьллу, нагахь санна тесташ т1ехь цхьа а г1алат дацахь.
2. «4» дуьллу, цхьаннал сов г1алат ца хилахь.
3. «3» дуьллу, шиннал сов г1алат а ца хилахь.
4. «2» дуьллу, кхааннал сов г1алат хила

**«Нохчийн литература» 1аморан низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.**

**Нохчийн литературин хьалхарчу чийрикан талламан болх №1 (сочинени)**

**Сочинени «Сан дай баьхна юрт»**

**План**

1. Вина юрт, мича 1уьллу, иза муха ю.
2. Юьртан истори, сийлахь меттигаш, г1арабевлла нах.
3. Юьрте болу синхаамаш.

**Нохчийн литературин шолг1ачу чийрикан талламан болх № 2(Тест).**

1. **Сулаев Мохьмад вина а, д1акхелхина а шераш.**
   1) 1922-1995 ; 2) 1920-1992; 3)1920-1969; 4) 1912-1986

2. **Сулаев Мохьмад вина меттиг**
   1)Г1ойт1а; 2)Олхазар –к1отар; 3) Йоккха Атаг1а; 4)Бено-юрт

3. **Сулаев М. «Цавевза доттаг1» стихотворенин турпалхочо дина диканаш билгалдаха.**

**4. Сулейманов Ахьмад вина а, д1акхелхина а шераш**.

1) 1922-1995; 2) 1920-1992; 3)1920-1969 4) 1912-1986

**5. Муьлхачу произведенин юкъара ду х1ара мог1анаш?**

*«Юха а мостаг1ий Баьччалла т1еэцна*
*Берзийна готте, Анас д1ах1оьтти*
*Юха а къевли д1а Мехкан тур ду х1инца*
*Хадийна гуо. Даькккхинарг цо!..»*

1) «Дег1аста»; 3) «Тимуран тур»;

2) «Лаьмнийн дийцар»; 4) «Къоьзана».

**6. Кхаа дешдекъах лаьтташ стопа а йолуш, тохар (ударный слог) хьалхарчу дешдекъана т1ехь делахь, иза ю:**

1) ямб; 2) анапест; 3) дактиль; 4) хорей.

**7. Сулейманов Ахьмадан муьлхачу поэми т1ера ду х1ара дешнаш:**

*К1ентан яххьий, йоь1ан эххьий*
*Ма гойла д1адаьлла де!*
*Кхана уьш д1адовлуш делахь,*
*Ца вехаш со тахна ле…*

1) «Дог дохден ц1е»; 2) «Лойша суна»;3) «Дахаран генаш»; 4) «Ц1ен книга» я «1еса» поэма.

**8. Эдилов Хасмохьмад вина а, д1акхелхина а шераш**.

1) 1922-1995 ; 2) 1922-1991; 3)1920-1969; 4) 1912-1986

**9. Халкъан барта кхолламаллина юккъе х1ун ца йог1у?**

1) кицанаш; 2) х1етал-металш; 3) туьйранаш ; 4) стихотворенеш.

**10. Нохчийн яздархочо Эдилов Мохьмада язйина:**

1) «Лаьмнийн дийцар», 2) «Цавевза доттаг1»; 3) «Дахаран генаш»; 4) «Сий делахь, латта».

**Нохчийн литературин кхоалг1ачу чийрикан талламан болх № 3 (Тест).**

**3. Арсанукаев Шайхи вина а, д1акхелхина а шераш:**

1) 1922-1995 ; 2) 1920-1992; 3)1930-2012; 4) 1912-1986

**2. Ш. Арсанукаевн «Тимуран тур» поэми т1ехь толам къовсуш леттарг мила ву?**

1) Борзаб1аьрг; 2) Чаку 3) Бахьадур; 4) Бахьаг.

**3. Муьлхачу авторан, муьлхачу произведени т1ера ду х1ара дешнаш:**

**«…И даь1ахкаш – шовзткъе доьалг1ачу шарахь Казахстанехь кхелхинчу кхуьнан доьзалан яра, шен махкахь д1айохка ц1а яхьаш… Да, нана, зуда, к1ант,йо1».**

1) Дадашевн «Дайна бер»; 2) С.-Хь. Нунуевн «Лазийна шовда»;
3) С. Яшуркаевн «Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх»; 4) М. Ахмадовн «Мохк бегийча».

**4. Стихотворенин мог1анийн чаккхенаш цхьана екаш хилча олу :**

1) строфа ; 2) ритм; 3) эпитет ; 4) байт.

**5. Сатуев Хьусайн вина а, д1акхелхина а шераш:**

1) 1922-1995 ; 2) 1920-1992; 3)1930-2012; 4) 1935-1995

**6. Мила ву х1окху дешнийн автор?**

***… Мацца а, б1аьргашна***
***Ца гучу дукъ т1е***
***Даг чуьра йовхо д1а***
***Т1аьххьара хьош,***
***Сайн некъан беза мохь***
***Бихкина букъ т1е,***
***Сайн метта лела ас***
***Дуьтур хьо, Дош.***

1) Сулейманов А.; 2) Арсанукаев Ш.; 3) Хасбулатов Я.; 4) Бексултанов М.

**7. Дустар схьа а карадай, к1ел сиз хьакха:**

*Болатан туьрах суйнаш санна.*
*Керла мехкаш лоьцуш схьа,*
*Дуьне ма-дду уьш баьржира*
*Дайн кхерч тесна, гена д1а.*

**8. «Нашхахь» стихотворенин автор мила ву?**

1)Хасбулатов Я.; 2) Бексултанов М.; 3)Сатуев Хь.; 4) Сулаев М.

**9. Бесултанов Муса вина юрт**

1) 1алхан-юрт; 2) Олхазар-к1отар; 3)Йоккха Атаг1а.

**10. Билгалдаьхна дешнаш муьлха къамелан дакъа ду?**
*Наггахь,т1ехьа тосий ворта,*
*Кхуссу:*
*- Сихо!* ***<u>Же!Же!Же!</u>***
*Иштта кхочу д1а ши доттаг1,*
*Ц1е тиллинчу Лун-ирзе.*

1) Т1едерзар; 2) Айдардош; 3) Юкъадало дош.

**Нохчийн литературин йоьалг1ачу чийрикан талламан болх №4 (Тест).**

**1. Ахмадов Муса вина шо:**
1) 1942 2) 1956 3) 1963

**2. Язъян волавелла шо:**
1) 1967 2) 1981 3) 1970

**3. Муьлхачу журналан коьрта редактор ву Ахмадов Муса:**
1) «Вайнах» 2) «Орга» 3) «Стела1ад»

**4. Хенан латтамаш билгалбаха :**

***Дег1аста, Дег1аста…***
***Вала да воцуш,***
***Хьо б1арзъелла хьийзачу,***
***Хьан к1ентий оьгучу***
***Доьхначу дийнахь,***
***Шайн берийн хьарамчу***
***Рицкъанехь кхехкаш,***
***Тхан наной хьан къина***
***Боьлхучу дийнахь,***
***Дала ларйойла хьо,***
***Тхан Нана-Дег1аста.***

**5. «Дег1аста» стихотворенин автор мила ву**
1) Бексултанов М. 2) Бисултанов А. 3) Ахмадов М.

**6. Муьлхачу авторан, муьлхачу произведени т1ера ду х1ара дешнаш:**

**«** ***Веза хилла волу Дела, ворх1е латта а, ворх1е стигал а кхоьллинарг, массо х1ума ган а, тидам бан а ницкъкхочург, адамашна рицкъ даккха аренаш, локхалла гайта лаьмнаш кхоьллинарг, экханна хьаннаш, ч1ерана х1ордаш леринарг, Хьуна бу-кха хастам а, шукру а.»***

1) Дадашевн «Дайна бер»;

2) М. Ахмадовн «Боч1а».
3)С. Яшуркаевн «Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьокх»;
4) М. Ахмадовн «Лаьтта т1ехь лаьмнаш а х1иттош».

**7. Жарадат, Забу, Хелисат, Курбика- х1ара дийцаран турпалхой муьлхачу произведени юккъера бу?**

1) Бадуев С. «Олдам»;
2) Ахмадов М «Боч1а».
3) Хамидов 1.-Хь. «Д1а-коч, схьа-коч»

**8. «Дарцан буса» поэма язйина:**

1) Ямлихан Хасбулатов; 2) 1алвади Шайхиев; 3)Ахьмад Сулейманов.

**9. Стихотворенин мог1анийн чаккхенаш цхьана екаш хилча олу :**

1) строфа ; 2) ритм; 3) эпитет ; 4) байт.

**10. «СИЙ ДЕЛАХЬ, ЛАТТА!» стихотворенин автор мила ву?**

1) Арсанукаев Ш.; 2) Шайхиев 1.; 3) Эдилов Х

**Нохчийн литературин хьалхарчу чийрикан талламан болх №1**

## Сочинени «Нохчийн халкъан иллешкахь ненан васт»

### План

1. Адин Сурхон ненан васт.
2. Оьрсийн к1ентан ненан васт.
3. Цхьатерра юй цу шиннан ойланаш?
4. Х1ун маь1на ду церан вастийн. Царех хьайна хетарг ала.

## Нохчийн литературин шолг1ачу чийрикан талламан болх № 2 (Тест).

**1. Муьлхачу шарахь арадала доладелла, «Серло» ц1е а йолуш, нохчийн дуьххьарлера газета?**

1) 1923; 2) 1925; 3) 1934; 4) 1922;

**2. Хьан аьлла х1ара дешнаш : « Нохчийн мотт ч1ог1а къен хетар даржош берш цунах цхьана а кепара кхеташ боцу нах бу. Мелхо а, и мотт, шен г1оьнца адаман ойланан уггаре а к1оргера аг1онаш йийцалур йолуш, ч1ог1а хьалдолуш бу».**

1)Яковлев Н.Ф.; 2)Семенов Л.П.; 3) Толстой Л.Н ;4) Услар П.К.;

**3. Муьлхачу илли т1ера ду х1ара мог1анаш ?**
**«…-***Хьо вийхира ва соьга цу юьртан тхьамданаша, Ас вехча велира хьо цу юьртан тхьамданашна, Дег1аха мерза са цара хьайга ва дехахь, Ахь даккхий д1алолахь дег1аха мерза са***».**
1)Аьккхийн Жанхотан илли»; 2) «Эвтархойн Ахьмадан илли»; 3) « Эла Къахьармин илли»; 4) «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли»

**4**. **Халкъан барта кхолларалина юккъе х1ун ца йог1у?**
1) кицанаш; 2) х1етал-металш; 3) туьйранаш ; 4) стихотворенеш.

**5. Дудаев 1абди вина а, д1акхелхина а шераш:**
1)1901-1937 ; 2) 1922-1995 ; 3) 1920-1992; 4)1930-2012;

6. **Нохчийн х1инцалера алфавит х1оттийна ю:**
1) кириллицин буха т1ехь; 2) латиницин буха т1ехь; 3)1аьрбийн алфавита буха т1ехь;
4)гуьржийн алфавита буха т1ехь.

**7. «*Лергашна хезна доцу, дагна кхиъна доцу, коьртехь сецна доцу тоьшалла дина суна, б1аьрга т1е б1аьрг а х1оттийна…»***
**Х1окху дешнийн автор мила ву?**
1) Сальмурзаев М.; 2) Дудаев 1.; 3) Айсханов Ш.

**8. Нохчийн халкъан иллеш муьлхачу жанрана юкъадог1у:**
1) проза; 2) поэзии; 3) драматурги; 4) барта кхолларалла.

**9. Муьлхачу илли т1ехь массо а цхьаьна гайтина ву, вайн халкъан турпалхой:**
***Мадин Жаьммирза, Таймин Биболат, Зайтин Шихмирза, Жумин Акхтула, Баьччин Элмарза.***
1) «Аьккхин Жанхотан илли»; 3) «Жумин Акхтулин илли»;
2) «Чечанарчу Мадин Жаьммирзан илли»; 4) «Эла Муслстан, Адин Сурхон илли».

**10. *«Ц1еран арц»* повесть т1ехь муьлха турпалхо ву 40 шо хир долуш?**
1) Хонмурд; 2) Кулдевич;
3) Мирза; 4) Элберт.

**Нохчийн литературин кхоалг1ачу чийрикан талламан болх №3 (Тест).**

1. **Нохчийн литературин бухбиллархо ... ву.**

1) Ахмадов Муса;2 ) Бадуев Саь1ид-Салихь; 3) Гайсултанов 1умар;
4) Нажаев Ахьмад.

2. **Стихашкахь язйинчу произведенехь ... олу.**

1) баллада; 2) роман; 3) поэма; 4) повесть.

3. **Нажаев Ахьмад вина а, д1акхелхина шераш:**

1)1901-1937 ; 2) 1922-1995 ; 3) 1920-1992; 4)1895-1943;

4. **Мамакаев 1аьрби вина юрт:**

1) Элистанжа; 2) Хьалха-Марта; 3)Лаха –Невре.

**5 . «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин автор мила ву?**

1)Мамакаев 1.; 2) Бадуев С.; 3) Айсханов Ш.

6. **Х1ун бахьана дара Бадуев С.-С. «Бешто» повестехь Бештога Бусана цаяхар?**

1)Бешто Бусанех цавашар; 2)Бештона Бусанин нах резацахилар; 3)Бештон куралла;
4)Бусанина Бешто цавезар.

7. **«Кавказан латта», «Йо1е», «Даге», «Сайн к1анте», «Нохчийн»- х1окху произведенийн автор ... ву.**

1)Мамакаев Мохьмад; 2) Рашидов Шаид; 3)Мамакаев 1аьрби; 4)Окуев Шима.

8. **Муьлхачу стиховоренера ду х1ара мог1анаш?**

***Ц1ен зезаг дасталац гарманан арахь,***
***Стиглара можа малх хьоьжуш ца хилча.***
***Ирс долуш хилла вац уьйрех д1атилча,***
***Даймахках ваьллачун дог хуьлу ирча.***

1) «Кавказан латта»; 2) «Йо1е»; 3) «Даге»

**9. «Г1ирмасолтас яьккхина са» дийцаран автор мила ву?**

**1)** Мамакаев 1аьрби; 2) Хамидов 1абдул-Хьамид; 3) Сальмурзаев Мохьмад.

**10. Товсолт, Нурбика, Нурседа, Анна Львовна х1ара романан турпалхой муьлхачу произведени юккъера бу?**

1) «Нохчийн лаьмнашкахь», 2) « Лаьмнаша ца диццдо», 3)«Абубешар»

## Нохчийн литературин йоьалг1ачу чийрикан талламан болх №4 (Тест).

1. **« Сай» стихотворенин автор мила ву?**

1) Гацаев С.; 2) Сулаев М.; 3) Мамакаев 1.

2. **Гацаев Са1ид вина а, д1акхелхина а шереш:**
1)1901-1937 ; 2) 1922-1995 ; 3) 1920-1992; 4)1938-2012

**3. Мила ву дуьххьара нохчийн абат язйинарг, муьлхачу шарахь араяьлла иза?**
1) 1862 ш. Досов Къеда; 2) 1870 ш. Эльдаров Таьштмар; 3) 1920 ш. Джамалханов Зайнди.

**4. Нохчийн поэзехь дуьххьара г1улчаш яьхнарг ву:**
1) Дудаев 1абди; 2) Мамакаев 1аьрби; 3) Сальмурзаев Мохьмад;
4) Айсханов Шамсудди.

**5. Х1окху дешнийн автор ву:**
***«…нохчийн фольклор 1амор, аьттехьа а меттигера маь1на долуш хилла ца 1а. Цкъацкъа нохчийн фольклоран масех дашехь дуккха а эзарнаш шерийн геннара аьзнаш хеза».***
1) Пушкин А.С.; 2) Яковлев ; 3) Услар П.К.; 4) Семенов Л.П.

**6. Муьлхачу шарахь арадала доладелла, «Серло» ц1е а йолуш, нохчийн дуьххьарлера газет?**
1) 1923; 2) 1925; 3) 1934; 4) 1922.

**7. 1.-Хь. Хамидовн «Лийрбоцурш» ц1е йолчу турпалаллин драмин коьртачу турпалхочун ц1е яра ...**
1) Шерипов А.; 2) Нурадилов Х.; 3)Мухамед- Мирзоев Хаважи.

**8. Къамелехь адамийн синхаам к1арг а беш ,х1ума поэтически а,исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучух х1ун олу?**
1) эпитет; 2) эпиграф; 3)эпилог.

**9) Литературин произведенехь исбаьхьчу дешнашца х1оттийначу 1аламан суьртах х1ун олу?**
1) сюжет; 2) кульминаци; 3) пейзаж.

**10) 1918-чу шарахь Лаха-Неврехь вина нохчийн г1араваьлла яздархо мила ву?**
1) Дудаев 1абди; 2) Мамакаев 1аьрби; 3) Сальмурзаев Мохьмад;
4) Айсханов Шамсудди.

**V-IX классийн дешархойн ненан маттах долчу хаарийн х1итточу оценкийн барамаш**

**Сочиненийн мах хадор.**

5-9 классашкахь язъечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:

5 классехь-0,5 я 1,0 аг1о;

6 классехь-1,0 я 1,5 аг1о;

7 классехь-1,5 я 2 аг1о;

8 классехь-2 я 3 аг1о;

9 классехь-3 я 4 аг1о.

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаа деза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:

3) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;
4) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;

аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин я пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;

аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь пхеаннал-ялханнал сов г1алат дацахь;

аь) пхеаннал сов орфографин а, ялханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;

аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна юкъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

Сочиненина ши оценка юьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.

Республикерчу берриге а нохчийн меттан, литературин хьехархоша шайн балха т1ехь пайдаэца безар бу оценкийн оцу норманех.

**V-IX классийн дешархойн тесташ хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:**

1. «5» дуьллу, нагахь санна тесташ т1ехь цхьа а г1алат дацахь.

2. «4» дуьллу, цхьаннал сов г1алат ца хилахь.

3. «3» дуьллу, шиннал сов г1алат а ца хилахь.

4. «2» дуьллу, кхааннал сов г1алат хилахь.